

BAB I


BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Qur'an téh kitab suci pikeun umat Islam anu eusina mangrupa pituduh, paréntah, ajakan, larangan, carita (kisah), jeung warta anu diturunkeun sangkan manusa meunang kabagjaan jeung katengtreman hirup di dunya katut ahérat.

Nainggolan (1996: 23) nyebutkeun Qur'an téh kalam Ilahi anu mutlak benerna, élmu Alloh, pituduh, pangéling, ubar, pituah, hikmah, hukum, roh, cahaya, pangbéda antara nu hadé jeung nu goréng, sarta antara nu bener jeung nu salah anu disucikeun ku Alloh, kahadéan anu datang ti Alloh pikeun jalma-jalma anu ariman dina hiji kitab anu ngagunakeun basa Arab sarta diturunkeun ku Alloh SWT ka Nabi Muhammad ngaliwatan malaikat Jibril.

Qur'an surat Al-Baqoroh ayat 2 nétélakeun



Hartina: “Ieu kitab (Qur'an) téh henteu aya kamangmangan dina eusina, pituduh (hidayah) pikeun jalma-jalma nu tarakwa”.

Kana ayat di luhur, *Software Qur'an in Word* napsirkeun kieu:

Tuhan menamakan Al-Qur'an dengan Al-Kitab yang di sini berarti yang ditulis, sebagai isyarat bahwa Al-Qur'an diperintahkan untuk ditulis. Takwa yaitu memelihara diri dari siksaan Allah dengan mengikuti segala perintah-perintah-Nya dan menjauhi segala larangan-larangan-Nya, tidak cukup diartikan dengan takut saja.

Sayyid Quthb (1992: 46) nétélakeun tapsirna kana ayat 2 surat Al-Baqoroh yén Qur'an téh pituduh anu ngabédakeun antara anu hak jeung anu batil, pituduh pikeun jalma-jalma anu tarakwa.

Demikian pulalah Al-Qur'an tersusun dari huruf-huruf dan kata-kata. Sedangkan dari huruf-huruf dan kata-kata ini, Allah menciptakan Al-Qur'an dan Al-Furqan, kitab pembeda antara yang hak dan yang batil. Perbedaan antara apa yang diciptakan manusia dan yang diciptakan Allah dari huruf dan kata-kata ini adalah seperti perbedaan antara tubuh kasar yang mati dengan roh yang terus berdenyut dan bergerak. Dan itulah gambaran antara kehidupan dan hakikat kehidupan.

.....
'Kitab Al-Qur'an ini tidak ada keraguan padanya, petunjuk bagi mereka yang bertakwa.' Petunjuk itulah hakikatnya, petunjuk itulah tabiatnya, petunjuk itulah eksistensinya. Akan tetapi bagi siapakah gerangan petunjuk itu? Untuk siapakah kitab ini menjadi petunjuk, cahaya, pemandu, penasihat, dan pemberi penjelasan? Bagi orang-orang yang bertakwa.

Dina hadis Rosululloh SAW, sering disebutkeun kautamaan maca, ngulik, jeung ngamalkeun Qur'an, di antarana waé, Abu Umamah Al-Bahili nétélakeun, “Kuring nguping Rosululloh SAW ngadawuh, ‘Pék baca Qur'an ku maranéh, lantaran bakal datang dina poé kiamat tur méré sapaat ka nu maracana.’ (HR Muslim).”

Hadis nu lian, “Ti Usman Rodiallohuhanhu, Rosululloh SAW ngadawuh, sahadé-hadéna di antara maranéh nya éta jalma anu ngulik Qur'an tur ngajarkeunana (HR Bukhari)”.

Qur'an diturunkeun sacara lisan kalawan maké basa Arab. Umat Islam di sakuliah dunya wajib maca jeung ngulik Qur'an. Umat Islam di sakuliah dunya

kudu paham kana Qur'an, sok sanajan dirina lain panyatur basa Arab. Ramli, (1974:VII) nétélakeun ngeunaan pentingna paham kana eusining Qur'an,

Imam Al-Qurtuby Rohimahulloh nu kakoncara mahérna dina bagbagan élmu tapsir Qur'an kantos sasauran anu ringkesna mah kieu: Kalintang peryogina kanggo nu kagungan Qur'an (nu ngaos Qur'an), uninga kana pamaksadan-pamaksadan Gusti Allah SWT (dina éta Qur'an) sareng naon-naon anu dipardukeun ku Mantenna. Upamina seug ngartos mah (kana ma'na-ma'nana éta Qur'an téa), tangtos bakal tiasa ngalap mangpaatna. Anu saterasna tiasa ngamalkeunana dibarung ku kayakinan anu saleres-leresna. Sawangsulna kacida awonna-saur ajeunna- pikeun nu kagungan Qur'an sarta maca ayat-ayat faroidna, ayat-ayat ahkamna, sareng sanés-sanésna bari henteu ngartos kana pimaksadeunana. Badé kumaha tiasa leres ngamalkeunana sareng tiasa ngalap mangpaatna lamun seug teu bari ngartos kana pimaksadeunana. Henteu aya béntenna sareng kaldé anu ngagandong buku-buku dina tonggongna.

Djawad Dahlan (2010: 10) nétélakeun ogé pentingna ngaguar eusining Qur'an:

Urang sadaya perlu ngotéktak eusining Qur'an, sangkan Qur'an bener-bener jadi pituduh jalan dina raraga ngalakonan hirup sangkan bagja dunya-ahérat. Pikeun naratas jalan kana kabagjaan, urang sadaya wajib ngulik kana eusining Qur'an, ngaguar ma'nana, nepi ka betah ngamalkeunana. Inshaallah urang sadaya bakal langkung deuheus ka Allah SWT nu bakal maparin tempat nu pinuh ku kani'matan di dunyana tur kénging martabat nu luhung di ahérat engké.

Saterasna Dahlan nyebutkeun yén sangkan Qur'an jadi pola hirup, urang ulah towong ngaguar eusina unggal waktu, saayat-saayat tepi ka tamat 30 juz. Ku kituna, tarjamah jeung tapsir kana Qur'an minangka salasihiji garapan linguistik larapan diperlukeun pisan. Upaya-upaya narjamahkeun jeung napsirkeun Qur'an kana rupaning basa dipilampah ku nagara-nagara anu wargana ngaragem Islam, boh ku lembaga partikulir boh ku lembaga pamaréntah.

Kitu deui di tatar Sunda, disebutkeun yén narjamahkeun Qur'an kana basa Sunda geus dipilampah ti taun 1927 mula. Saperti anu ditétélakeun ku Usép Romli dina makalahna:

Ku ayana tarjamahan Qur'an, balaréa urang Sunda nu rata-rata awam kana basa Arab, saeutikna bisa ngarti kana eusi Qur'an, nu ngawengku akidah, ahlak, hukum, kisah, siyasah (politik), jeung paélmu. Turta apal kana dadasar diturunkeunana Qur'an, nya éta halal, haram, muhkam, mutasyabih jeung amtsal, katut prinsip ngagunakeunana: nu halal amalkeun, nu haram singkahan, nu muhkam tuturkeun, nu mutasyabih dipercaya, nu amtsal pieunteungeun.

Ku kituna, tarjamah Qur'an dina basa Sunda, ti jaman ka jaman, tara kungsi suwung. Ti mimiti *Qur'an Sundawiyah* wedalan TB Syamsiah, Solo (1927), *Tafsir Hibarna* Kol. Isa Edris (1932), *Al-Amin: Al Qur'an Tarjamah Sunda* karya KH Qomaruddin Saleh, HAA Dahlan jeung Yus Rusamsi (1971), *Al-Kitabul Mubin* karya KH M. Romli (1974), *Tafsir Qur'an Basa Sunda*, tarjamahan Sayudi, tina tarjamahan Qur'an basa Indonesia, karya H.Oemar Bakry-Bachtiar Surin (1991), *Nur Hidayah, Saritilawah Qur'an Basa Sunda* karya RH Hidayat Suryalaga (1994), *Ayat Suci Lenyepaneun* karya E.Hasim (1984), *Al-Munir, Tarjamah Qur'an Basa Sunda* karya Prof.,Dr.H.Djawad Dahlan (2005), *Al-Qur'an Miwah Tarjamah dina Basa Sunda* ti Proyek Penerbitan Mushaf Qur'an Sundawy, Pemprov Jawa Barat (2005), jeung sajabana, anu teu mustahil teu kaimeutan.

Adegan kalimah tarjamah Qur'an basa Sunda aya bédana jeung adegan kalimah basa Sunda. Kahasan adegan kalimah dina tarjamah Qur'an perlu ditalungtik sangkan pamahaman kana eusining Qur'an leuwih hadé.

Kualitas hasil tarjamahan béda-béda gumantung ka panarjamahna, sarta ti mana tilikan jihat meunteunna. Larson dina Syihabudin (2003: 2) nétélakeun yén kualitas tarjamahan ditilik tina opat aspék: (1) alesan dilaksanakeunana meunteun tarjamah; (2) jalma anu meunteunna; (3) cara meunteunna; (4) jeung ngamangpaatkeun hasil meunteun tarjamah. Meunteun tarjamah dipilampah

pikeun mikanyaho (1) merenah-henteuna; (2) jelas-henteuna; (3) jeung wajar-henteuna tarjamahan. Ieu pagawéan téh bisa dipilampah ku (1) panarjamahna sorangan; (2) ku anu husus meunteun; (3) ku konsultan; (4) ogé ku ‘peninjau’. Opat pihak anu disebut di luhur, meunteun kualitas tarjamah ku cara ngabandingkeun tarjamah jeung nas sumber, narjamahkeun deui nas sumber, meunteun kapaham henteuna hasil tarjamah, ngukur ‘keterbacaan’ nas, jeung meunteun konsisténsi tarjamahan. Sok sanajan kitu, henteu sakabéh hasil tarjamah bisa dipeunteun kalawan téknik-téknik anu disebut tadi. Ayat-ayat Qur'an, upamana hésé diukur ku jalan narjamahkeun deui, lantaran apan Qur'an mah firman Alloh anu taya bandingna.

Ku kitu ku kieu, hasil tarjamahan téh sawadina kudu babari kaharti ku pamacana. Ku lantaran kitu, satéka-téka upaya narjamahkeun Qur'an téh kudu enya-nya luyu jeung kaédah basa Sunda bari henteu méngparkeun ma'nana.

Pikeun mikanyaho kumaha adeg-pangadeg kalimah dina tarjamah Qur'an, perlu aya panalungtikan.

Mémang panalungtikan formal ngeunaan kalimah kungsi dilaksanakeun ku Temmy Widiastusi (2011) kalawan judul “Kalimah Transformasi dina Média Cetak Sunda, Patalina Adegan Batin katut Adegan Lahir”. Di dinya dipedar ngeunaan kalimah transformasi; parobahan wangun kalimah jadi kalimah séjénna tina wangun kalimah dasar, sumber datana média cetak. Ai Nurhayati (2011) ogé nalungtik ngeunaan kalimah kalawan judul “Struktur Pragmatis Basa Sunda dina Acara Golémpang Bandung TV.” Di dinya dipedar ngeunaan struktur pragmatis kalimah kalawan sumber datana naskah acara “Golémpang” Bandung TV.

Kalimah basa Sunda ditalungtik ogé ku NR Setyawati (2011), kalawan judul “Kalimah Aktif dina Basa Sunda, Tilikan Struktur jeung Sémantis.” Di dinya ditalungtik ngeunaan kalimah aktif salancar (basajan-jembar) jeung kalimah ngantét. Anu jadi sumber datana nya éta kalimah basa Sunda anu kaunggel dina média cetak basa Sunda saperti majalah katut buku.

Mémang deuih, panalungtikan ngeunaan tarjamah Qur'an kungsi aya, di antarana dilaksanakeun ku Syihabuddin (2000), judulna “Prosedur Penerjemahan Nas Keagamaan dan Keterpahaman: Telaah Ihwal Teknik, Kualitas Terjemahan, Hukum, dan Pengajarannya.” Surjakusumah (2002) ogé kungsi nalungtik ngeunaan tarjamah Qur'an, judulna "Fenomena Kastrasi Linguistik dan Transposisi dalam Teks Terjemahan dan Implikasinya bagi Pembelajaran Penerjemahan.” Panalungtikan anu disebutkeun pamungkas, duanana dina basa Indonésia tur ngeunaan tarjamah Qur'an basa Indonésia.

Ulikan formal utamana dina wangun tésis ngeunaan adegan kalimah dina tarjamah Qur'an basa Sunda tacan kungsi aya. Palebah dieu, panalungtikan ngeunaan adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda kacida diperlukeunana lantaran bisa ngaguar leunjeuran kalimah anu dipaké. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Tarjamah Qur'an, Analisis Struktur jeung Sémantik” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dina panarjamahan aya prosés mindahkeun ma'na tina basa asal kana basa sasaran sangkan kapaham ku panyatur basa sasaran. Ku lantaran kaédah hiji basa

jeung basa lianna béda, tinangtu bakal aya sawatara masalah anu disanghareupan ku panarjamah jeung ku jalma-jalma anu maca tarjamah. Masalah ti mimiti adegan kalimah anu béda ti ilaharna, harti anu samar jeung ambigu, nepi ka timbulna rupa-rupa tafsiran ti nu maca, jeung réa-réa deui anu patula-patali jeung adegan kalimah, hususna dina tarjamah Qur'an. Upama diwincik, bakal jadi daptar anu panjang. Ku kituna, masalah-masalah perlu dirumuskeun dina wangun pertanyaan-pertanyaan, sakumaha ceuk Alwasilah (2003: 131), ayana pertanyaan sangkan panalungtik fokus; matalikeun pertanyaan jeung tujuan panalungtikan dina rangkay konséptual jeung dina milampah panalungtikan. Rumusan masalah diwincik dina pertanyaan-pertanyaan ieu di handap.

- a. Kumaha adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda?
- b. Kumaha ma'na kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda? Kumaha peran sémantis unsur-unsur kalimah salancar jeung kumaha hubungan sémantis antarklausa dina kalimah ngantét?
- c. Kumaha kahasan adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus sakumaha dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta ngulik ngeunaan adegan kalimah dina tarjamah Qur'an basa Sunda; mikaharti Qur'an ngaliwatan analisis adegan kalimah tarjamahna; neuleuman eusining Qur'an ngaliwatan panalungtikan tarjamah Qur'an basa Sunda dina raraga ngaronjatkeun katakwaan ka Alloh SWT.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta nganalisis tur ngadéskripsikeun:

- a. adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda;
- b. ma'na kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda anu ngawengku peran sémantis unsur-unsur kalimah salancar katut hubungan sémantis antarklausa dina kalimah ngantét; jeung
- c. kahasan adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat teoritis sakumaha dipedar di handap.

1.4.1 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bakal ngaronjatkeun pamahaman kana eusining Qur'an salaku padoman hirup kalolobaanana sélér Sunda, ku kituna dipiharep bakal ngawewegan kaimanan ka Alloh SWT. Ieu ulikan ogé bakal nambahan kaweruh katut kaparigelan widang basa Sunda patalina jeung tarjamah Qur'an.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Mangpaat tioritisna, ieu panalungtikan bakal ngaronjatkeun kabeungharan ulikan ngeunaan sintaksis basa Sunda, hususna tarjamah Qur'an dina basa Sunda, utamana wangun formal mangrupa tésis. Ieu ulikan dipiharep bisa manggihan formula ngeunaan adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an. Hasil ulikan ieu panalungtikan bisa dijieun titik pamiangan pikeun ulikan-ulikan satuluyna anu leuwih lega tur jero.

1.5 Sistematika Laporan Panalungtikan

Laporan panalungtikan disusun dina wangun tésis kalawan sistematika ieu di handap.

Bab I Bubuka, medar perkara kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, tur sistematika laporan panalungtikan.

Bab II Ulikan Kalimah dina Tarjamah Qur'an, Asumsi jeung Raraga Mikir. Diguar tiori-tiori ngeunaan kalimah, utamana kalimah basa Sunda katut tiori-tiori ngeunaan tarjamah, utamana tarjamah Qur'an. Lian ti éta, dipedar perkara asumsi jeung raraga mikir (*kerangka berpikir*).

Bab III Méthode Panalungtikan, medar perkara méthode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, katut prosedur analisis data.

Bab IV Adegan Kalimah Basa Sunda dina Tarjamah Qur'an, medar perkara data kalimah, analisis adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an, ma'na kalimah (peran sémantis jeung hubungan sémantis), katut kahasan adegan kalimah basa Sunda dina tarjamah Qur'an.

Bab V Kacindekan jeung Saran, medar perkara kacindekan tina panalungtikan katut saran-saran/rékoméndasi pikeun individu/lembaga anu aya patula-patalina jeung panalungtikan.